



Pou Piblikasyon Imedya: 01/06/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN YON LÒD EGZEKITIF E PRAN ANGAJMAN POU
NEW YORK RESPEKTE ESTANDA KI TABLI NAN AKÒ PARI A**

Lòd Ekzekitif la Disponib [La-a](#)

***Gouvènè a anonse Fòmasyon Alyans Klimatik Etazini (U.S. Climate Alliance),
ansanm avèk Kalifòni ak Washington pou Respekte Akò Klimatik Pari a e
Pran Aksyon Sevè pou Konbat Chanjman Klimatik***

“Desizyon enpridan Mezon Blanch la pou li retire kò li nan Akò Paris a gen repèkasyon devastatè non sèlman pou Etazini, men pou planèt nou an. Administrasyon sa a ap abdiye lidèchip li epi rete dèyè lòt peyi nan lit global la kont chanjman klima a. Eta New York pran angajman respekte nòm ki tabli nan Akò Paris a kèlkeswa mezi iresponsab Washington ap pran yo. Nou pap inyore lasyans ak reyalyte chanjman klima a, se poutèt sa m ap siyen yon Dekrè-Lwa tou ki konfime wòl lidèchip New York la nan pwoteje sitwayen nou yo, anviwònman nou an, ak planèt nou an.”

Gouvènè Cuomo, ansanm avèk Gouvènè Kalifòni Edmund G. Brown Jr., ak Gouvènè Eta Washington Jay R. Inslee, anonse jodi a [fòmasyon](#) Alyans Klimatik Etazini, yon kowalisyon ki pral konvoke Eta Etazini ki pran angajman pou respekte Akò Klimatik Pari a e pran mezi sevè kont chanjman klimatik.

###